

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa miboga kalungguhan penting dina kahirupan manusa, ku lantaran manusa teu bisa leupas tina komunikasi jeung sasama dina kahirupan sapopoena, pikeun paelmaan, seni, katut alat pikeun nepikeun rasa, kahayang, jeung gagasan manusa.

Kaparigelan basa ngawengku opat aspék nya éta : ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Tujuan pangajaran basa di SMP sangkan murid nyangkem kana opat kaparigelan basa. Maca mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan basa nu geus kasebut. Pangajaran maca sarua pentingna jeung ngaregepkeun, nyarita, atawa maca.

Numutkeun (Hodgson, dina tarigan 1983:7) *Membaca adalah suatu proses yang dilakukan serta dipergunakan oleh pembaca untuk memperoleh pesan, yang hendak disampaikan oleh penulis melalau media kata-kata atau bahasa tulis.*

Dina pangajaran basa Sunda di sakola, maca mangrupa kaparigelan basa nu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salah sahijina kompetensi dasar maca dongéng. Hal ieu kaugel dina pedoman pengembangan KBK 2004 jeung

KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) mata pelajaran basa Sunda nya éta pangajaran maca dongéng kelas VII Semester 2.

Numutkeun Wilga . M . Rivers Raksaraksa (2004 : 156) netelakeun yen umumna jalma dewasa diperkirakeun ngagunakeun waktuna 45%, nyarita, 30% ngaregepkeun, 16% maca, jeung nulis 9%. Prosentasi minat maca numutkeun data katiten yen 16% nyicingan urutan kadua ieu ngaindikasikeun yén minat maca pikeun siswa kurang.

Siswa kurang minat kana maca dongéng Kiwari, siswa kacida mikaresep kana maca komik, utamana komik-komik anu jolna ti Jepang. Antukna dongéng kurang dipikawanoh tur dipikaresep ku siswa.

Salah sahiji tarekah pikeun ngungkulan masalah di luhur nya éta nyieun atawa ngarobah média pangajaran pikeun diajar maca dongéng. Bentuk média pangajaran ka itung loba, salah sahijina média gambar. Gambar nu dimaksud di dieu nya éta gambar fotografi nu geus dipikawanoh dina unggal kagiatan pangajaran, sabab gambar fotografi kaitung basajan, teu ngagunakeun kalengkepan sejen saperti proyeksi pikeun nitenan gambarna.

Numutkeun Sudjana (2007 : 71) netelakeun yén gambar fotografi dina enas-enasna méré dorongan keur siswa jeung bisa ngahudang minat kana pangajaran. Mantuan siswa pikeun mekarkeun kamampuh ngagunakeun basa, kagiatan seni, ngadongéng, dramatisasi, bacaan, nyieun tulisan, ngagambar, sarta mantuan pikeun napsirkeun jeung nginget-ninget materi pangajaran tina buku téks.

Dina pangajaran maca loba pisan téhnik pangajaran anu geus dipaké ku guru sangkan ngahontal tujuan tina pangajaran. Ilaharna nalika ngajar guru ngagunakeun metode ceramah numutkeun Prof. Dr. Abin Syamsuddin Makmun, M.A. (2003 : 240-241) *Terbatasnya kesempatan partisipasi siswa, dapat mendatangkan kejemuhan begitu juga kalau waktunya terlalu lama, seperti situasi yang kurang kondusif.* Metode ceramah kaasup cara ngajar anu tradisional. Cara maké strategi ngajar anu bener bisa ngabantu nepungkeun pangaweruh anu geus tradisional jeung nu modern, Sangkan leuwih ngaronjat aya sababaraha model anu bisa digunakeun di antarana model média gambar dina maca dongéng. Salah sahiji média anu ngahudang rasa sumanget jeung daya kreatif pikeun siswa dina maca dongéng nya éta média gambar. Luyu jeung pamadegan sarta pasualan-pasualan nu geus dijentrekeun di luhur, ku kituna, nu nulis ngayakeun panalungtikan anu judulna **Éféktivitas Média Gambar dina Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Dongéng SMP Yapida Taun Pelajaran 2007/2008.**

1.2. Watesan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan nya éta kurangna karesep siswa kana maca dongéng, dumasar kana kasang tukang di luhur sangkan teu lega teuing ambahanana, ku kituna panalungtikan diwatesanan pikeun nalungtik aspek siswa maca dongéng kelas VII (tujuh) nu diayakeun di SMP YAPIDA.

1.3. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun jadi sababaraha patalekan, sangkan masalah pedaran nyoko kana objek anu rék ditalungtik, nya éta :

1. Kumaha kamampuh maca siswa saacan ngagunakeun média gambar dina pangajaran maca dongéng?
2. Kumaha kamampuh maca siswa saenggeus ngagunakeun média gambar dina pangajaran maca dongéng?
3. Kumaha kaéfektifan média gambar jeung teks dina pangajaran maca dongéng?

1.4. Tujuan Panalungtikan

Tujuan diayakeun panalungtikan pikeun ngadeskripsikeun masalah

1. Kamampuh maca siswa saacan ngagunakeun média gambar dina pangajaran maca dongéng.
2. Kamampuh maca siswa saenggeus ngagunakeun média gambar dina pangajaran maca dongéng.
3. Kaéfektifan média gambar jeung teks dina pangajaran maca dongéng.

1.5. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat anu sipatna teoritis sarta mangpaat nu sipatna praktis.

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa meré sumbangan pikeun sistem pendidikan dina hal nyiptakeun média pikeun pangajaran basa Sunda.

Mangpaat praktisna nya éta :

1. Mangfaat Pikeun Guru

Hususna guru basa Sunda nu dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina milih média pangajaran hususna média gambar dina pangajaran maca dongéng, sarta mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina maca dongéng sabada digunakeun média gambar.

2. Mangfaat Pikeun Siswa

Siswa bisa mikanyaho mangpaat média gambar dina kagiatan maca dongéng nepi ka minat jeung rasa sumanget diajar murid bisa ningkatkeun kamampuhna dina maca dongéng.

3. Mangfaat Pikeun nu Nalungtik

Saeunnggeus ngalaksanakeun panalungtikan ieu, bisa dipikanyaho babandingan kamampuh siswa dina kagiatan maca dongéng saméméh jeung saeunnggeus ngagunakeun média gambar.

4. Mangfaat pikeun nu Maca

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh, hususna ngeunaan mangpaat média gambar dina pangajaran maca dongéng di tingkat SMP.

1.6. Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa hal anu jadi dadasar dina panalungtikan.

“Anggapan dasar adalah segala kebenaran teori atau pendapat yang dijadikan landasan dasar dalam penelitian” (Suyatna, 2002 :7)

Ku kituna, anggapan dasar téh mangrupa dadasar panalungtikan salaku cecekelan utama. Panalungtikan téh boga anggapan dasar saperti ieu di handap :

1. Maca nya éta ngalisankeun (ngahartikeun) basa nu ditulis. Eta wangenan ngeceskeun/ngajentrekeun yen maca mangrupa beungkeutan dua kagiatan anu raket patalina nya éta antara kagiatan ngalisankeun jeung mere harti kana bahan tinulis.
2. Dongéng mangrupa bahan pangajaran sastra di sakola dumasar kana kurikulum basa Sunda taun 2004 anu kudu luyu jeung KBK.
3. Dina proses diajar ngajar, boh guru boh siswa teu leupas tina kagiatan maca.
4. Gambar mangrupa salah sahiji média pendidikan anu bisa digunakeun dina pangajaran maca.

1.7. Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jentre jeung babari dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan perlu aya istilah-istilah anu digunakeun dina ieu judul panalungtikan, diwincik saperti ieu di handap :

1. Efektifitas dina ieu panalungtikan nya éta pangaruh média pangajaran (média gambar anu judulna Hayam Kongkorongok Subuh) kana

kaparigelan maca anu diukur ngaliwatan kamampuh maca dongéng pikeun siswa kelas VII SMP YAPIDA.

2. Média Gambar dina ieu panalungtikan nya éta média (gambar dongéng) nu dipaké dina maca dongéng siswa kelas VII SMP YAPIDA anu judulna Hayam Kongkorongok Subuh karangan Ki Umbara.
3. Kamampuh patalina jeung panalungtikan di dieu nya éta kamampuh atawa kabisa siswa kelas VII SMP YAPIDA dina maca dongéng.
4. Patalina dina ieu panalungtikan kaparigelan maca dijadikeun alat pikeun ngukur kamampuh siswa dina pangajaran dongéng.
5. Dongéng dina ieu panalungtikan nya éta dongéng Hayam Kongkorongok Subuh anu aya dina Dongéng-dongéng Sasakala karangan Ki Umbara.
6. YAPIDA nya éta ngaran lembaga tempat diajar siswa anu dijadikeun objek dina ieu panalungtikan anu di ukur kamampuh macana.

Jadi anu dimaksud “Efektivitas Média Gambar dina Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Dongéng Siswa Kelas VII SMP YAPIDA” nya éta pangaruh media pangajaran (dongéng anu judulna Hayam Kongkorongok Subuh) kana kaparigelan maca anu diukur ngaliwatan kamampuh maca dongéng pikeun siswa kelas VII SMP YAPIDA.

1.8. Hipotesis

Panalutikan ieu ngagunakeun hipotesis alternatif nya éta :

1. H_1 : Media gambar bisa ningkatkeun kamampuh siswa maca dongéng kelas VII SMP YAPIDA.
2. H_0 : Média gambar henteu bisa ningkatkeun kamampuh siswa maca dongéng kelas VII SMP YAPIDA.

